

ENFÒMASYON SOU FWÒD KONSOMATÈ

LIY TELEFÒN DIRÈK AK
SIT ENTÈNÈT

1-800-378-0445
First.FLDFS.com

BIWO AVOKA JENERAL
ETA FLORID LA

1-866-966-7226
www.myfloridalegal.com

DEPATMAN AGRIKILT
AK SÈVIS KONSOMATÈ
NAN FLORIDA

www.floridaconsumerhelp.com

DEPATMAN BIZNIS AK
RÈGLEMAN PWOFEYONÈL
NAN FLORIDA

850-487-1395
www.myfloridalicense.com

A PWOPO DE NOU



COAST TO COAST
LEGAL AID
SOUTH FLORIDA

KONTAKTE NOU

 954-736-2400

 www.CoastToCoastLegalAid.org



EVITE
FWÒD
KONTRAKTÈ KI
REPAIRE KAY



VERIFYE KONTRAKTÈ A

Pran prekosyon: li posib ke se yon vòl si yon kontraktè...



Mande w tout lajan an davans anvan pou l fè travay la.



Mande w pou "kwè l nan sa li di w la" epi li pa gen yon kontra pou w siyen sou papyè



Di li pa bezwen yon pèmi nan yon vil oswa yon konte ki egzije yon pèmi



Di ke li bezwen plis lajan nan men w akòz pwoblèm li pa t "antisipe".



Ap kondwi yon machin ak yon plak lisans ki sòti nan yon lòt eta.



Travay pou yon konpayi ki gen yon adrès andeyò eta a oswa sèlman yon adrès bwat postal oswa adrès yon otèl.



Kondwi yon machin ak non yon konpayi ki diferan de non konpayi kontraktè a sipoze ap travay pou li a.



KONSTRIKSYON SA POU FÈ AK SA POU PA FÈ:

- **MANDE** pou wè lisans kontraktè a epi asire w li koresponn ak non moun ki montre w li a.
- **PRAN** kontak avèk Depatman Biznis ak Règleman Pwofesyonèl Florid la nan 850-487-1395 oswa www.myfloridalicense.com pou verifeye estati lisans lan
- **CHÈCHE** detèmine konbyen tan kontraktè a genyen nan biznis la.
- **MANDE** referans epi tcheke yo. CHWAZI plizyè kontraktè epi pran yon estimasyon nan men chak
- **EPI** asire w ke estimasyon an oswa òf la gen ladan l:
 - Enfòmasyon sou kontraktè a ak yon deskripsyon detaye sou travay yo pral fè a.
 - Depans pou mendèv ak depans pou materyèl separe.
 - Depans detaye pou chak grenn materyèl kontraktè a gen entansyon itilize
 - Yon dat pou lè travay la ap fin fèt
- **FÈ** kontraktè a ba w yon kontra sou papyè - li kontra a, ranpli tout espas vid yo, asire w ke li genyen non kontraktè a, adrès, nimewo telefòn, nimewo lisans, deskripsyon travay la, dat travay la ap fini ak nenpòt lòt garanti. PA anboche yon kontraktè ki mande pou peye davans - fè aranjman pou peye lè yo fini oswa pa mòso. PA siyen sètifika ki di travay la fini jiskaske tout travay la fini ak satisfaksyon.
- **PA** peye lajan kach
- **PA** aplike oumenm pou okenn pèmi konstriksyon

ESKE W PANSE OU SE YON VIKTIM FWÒD KONTRAKTÈ?



Si oumenm oswa yon moun ou konnen te viktim fwòd anba men kontraktè, kontakte **Sèvis Ankèt ak Kriminèl la nan Divizyon Depatman Sèvis Finans Florid** la pou rapòte ensidan an. **Fwòd kontraktè se yon zak ilegal epi li gen konsekans arestasyon ak pouswit lajistis.**



Ou gen dwa pote plent tou nan **Depatman Agrikilti ak Sèvis Konsomatè Florid** la, ki aji kòm biwo nan eta a pou konsomatè yo pote plent.

